

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Ilaharna unggal bangsa miboga ciri anu ngabédakeun hiji bangsa jeung bangsa séjénna, lantaran unggal bangsa miboga pamikiran sarta paripolah anu béda-béda dumasar kana kaayaan lingkungan sarta alamna. Anu ngabédakeun hiji bangsa jeung bangsa séjénna téh diantarana nyaéta budaya. Nurutkeun Kurdi, (11:1995) bangsa Indonésia diwangun ku kelompok atawa golongan anu masing-masing miboga kasang tukang sajarah saluyu jeung daérah lingkungan alamiah masing-masing anu miboga ciri anu husus dina hal adat istiadat jeung kasenian.

Kabudayaan muncul lantaran ayana hiji pamikiran ti hiji masarakat dumasar kana kabutuhan anu miboga ajén-inajén luhung pikeun hirup kumbuhna, sok sanajan aya ogé anu nganggap yén budaya téh hiji ritual kalayan teu apal ayana ajén-inajén anu nyangkaruk di jeronu sakumaha anu aya dina wujud kabudayaan. Nu dimaksud wujud tina kabudayaan nyaéta (1) salaku hiji hal nu komplek tina ide-ide, gagasan, ajén inajén, norma-norma sarta aturan-aturan (2) kumpulan kagiatan anu mola ti manusa di masarakat (3) hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dijadikeun milik manusa ngaliwatan diajar (Koentjaraningrat 1985:1).

Dumasar kana wujud budaya, wayang mangrupa hasil karya manusa dina kahirupan masarakat sarta miboga ajén inajén anu ngagambarkeun sifat sarta paripolah manusa. Sakumaha anu disebutkeun ku Suryana (2002:12) yén wayang

golék, saperti jenis wayang séjéna nyaéta alat komunikasi nu lengkep, nyaéta alat komunikasi *pandang dengar*, ajén (*tuntunan*) dibungkus dina tuturan dalang. Kabéh jenis wayang, ti mimiti fungsina salaku sarana pikeun nepikeun ajén inajén disagigireun salaku pintonan. Jadi, *audiens* (nu lalajo) meunangkeun dua sajian nyaéta mangrupa ajén jeung hiburan (pintonan).

Di Indonesia wayang sumebar di sababaraha daérah sarta miboga jenis jeung ngaran anu béda-béda dumasar kana daérahna, diantaranya wayang kulit, wayang golék jeung wayang wong. Éta wayang téh nepika kiwari masih kénéh aya tur dipintonkeun pikeun hirup kumbuhna wayang sarta hiburan di masarakat. Dina kahirupan urang Sunda wayang anu aya sarta sumebar téh nyaéta wayang golék. Wayang golék nyaéta salahsahiji jenis seni tradisi anu aya nepi kaayeuna téh tetep hirup di daérah tatar Sunda (Suryana 2002:5). Wayang golék jadi ciri has budaya Sunda lantaran wayang golék sumebar di Sunda. Kasenian wayang golék sok dipagelarkeun dina kagiatan anu aya patalina jeung salametan, kawinan, nyunatan jeung kagiatan séjéna. dipagelarkeun sapeupeuting, dipaénkeun ku dalang anu nyaritakeun eusi caritaan. Carita wayang golék latar na nyaéta carita Ramayana jeung Mahabrata.

Masarakat Sunda kiwari geus hariwang kana budaya hasil cipta, karsa jeung karya titinggal karuhun anu geus katindih ku budaya deungeun. Ieu hal bisa ngabalukarkeun seni budaya urang leungit saupama geus euweuh nu reueus deui kana seni budaya éta sorangan. Budaya geus jadi ciri hiji bangsa, saupama éta budaya geus leungit, tangtu leungit ogé idéntitas bangsa téh. Salasahiji tarékah sangkan seni budaya teu leungit salasahijina diayakeunana panalungtikan ku

sababaraha jelema anu geus leuwih tiheula nalungtik ngeunaan wayang, diantaranya nyaéta *Karakteristik Palaku dina Carita Wayang Kurawa-Pandawa Karya Hidayat Susanto* (skripsi, taun 2006 Udin) jeung *Ajén Falsafah Panakawan dina Pagelaran Wayang Golék Purwa Versi Giri Harja* (skripsi, 2007 Nurani Septiani). Salian ti kitu, sangkan seni budaya hususna wayang tetep aya sarta teu leungit ieu panalungtikan téh dianggap perlu sarta bisa leuwih ngawanohkeun deui seni budaya wayang ka generasi anu ngora sangkan bisa mertahankeun seni budaya titinggal karuhun, salasihiji carana pikeun éta kasenian wayang téh dipiwano ku balaréa nyéta ngaliwatan pangajaran di sakola anu ngawanohkeun heula carita wayang anu jadi babon pagelaran wayang. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dibéré judul *Karakteristik Tokoh Pandawa dina Carita Wayang Mahabarata pikeun Bahan Pangajaran di SMA*.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan téh perlu diwatesan sangkan puguh jujutannana. Carita wayang Mahabarata ngandung sababaraha unsur carita. Ku kituna pikeun ngawatesanan ieu panalungtikan rék ngadéskripsikeun (ngagambarkeun) karakteristik tokoh Pandawa dina carita wayang.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan panalungtikan diwangun ku kalimah pananya saperti di handap ieu:

- 1) Saha waé tokoh Pandawa dina carita Mahabarata téh?
- 2) Kumaha karakter tokoh pandawa dina carita Mahabarata?
- 3) Ajén moral anu nyangkaruk dina karakter tokoh Pandawa téh?
- 4) Naha carita wayang tokoh Pandawa dina carita Mahabarata bisa dijadikeun bahan ajar di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngamumulé salasahiji budaya anu sumebar di Indonésia hususna carita wayang anu aya di tatar Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Tokoh Pandawa nu aya dina carita Mahabarata.
- 2) Karakter tokoh Pandawa nu aya dina carita Mahabarata.
- 3) Ajén moral anu nyangkaruk dina karakter tokoh Pandawa.
- 4) Carita wayang tokoh Pandawa dina carita Mahabarata bisa dijakeun bahan ajar di sakola.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Téoritis

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa mangfaat pikeun balaréa anu mikacinta kana budaya Sunda, hususna carita anu aya dina wayang golék, sarta leuwih reueus deui kana budaya Sunda.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangfaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa leuwih ngaguar deui karakter sarta ajén moral tokoh Pandawa dina carita wayang Mahabarata.
- 2) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda.
- 3) Pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh siswa kana karakteristik tokoh wayang Pandawa dina carita Mahabarata.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Wayang golék téh mangrupa budaya Sunda anu perlu dimumulé kaayaanana.
- 2) Tokoh Pandawa dina wayang nyaéta Yudistira, Bima, Arjuna, Nakula, jeung Sadéwa.
- 3) Carita wayang bisa dijadikeun bahan kagiatan diajar ngajar.

1.6 Wangenan Operasonal

Sangkan ieu panalungtikan téh leuwih jéntré, sarta leuwih maham kana istilah-istilah anu dipaké. aya sababaraha wangenan istilah-istilah anu dipaké pakait jeung judul panalungtikan.

- 1) Karakter atawa karakrerisasi nyaéta sakur anu aya patalina jeung palaku carita atawa rupaning cara, téhnik, ngagelarkeun palaku dina carita (Iskandarwassid 61:1992).
- 2) Pandawa. hartina turunan Bharata anu asalna ti Kunti talibrata lain Pandu Déwanata, Kunti Talibrata mangrupa turunan Bandhadhari anu mangrupakeun putri Sentanu (Komandoko 52:2009). Lima tokoh dina carita wayang Mahabarata nyaéta Punta Déwa/Yudistira, Bima, Arjuna, Nakula, jeung Sadéwa.
- 3) Wayang nyaéta hiji bentuk seni pintonan anu magrupa drama anu has, anu ngawengku seni sora, seni sastra, seni music, seni caritaan, seni lukis, jrrd (Pasha 17:2011).
- 4) Mahabarata. Nyaéta runtuyan kasusastraan anu lengkep (Effendi 8:1955). Ku urang India Mahabarata dibéré ngaran *purana-samhita*, nyaéta kumpulan dongéng-dongéng heubeul, carita raja-raja anu miboga cita-cita suci, jalma-jalma alim, permaisuri nu satia jeung putri anu geulis (Effendi 8:1955).

1.7 Rang kay (karangka) téori

Dina ieu panalungtikan maké sababaraha téori anu aya kaitanna jeung panalungtikan diantara teori ngeunaan unsur carita anu diwangun ku peristiwa

carita (alur atawa plot), tokoh carita (karakter), tema carita, suasana carita, sudut pandang carita, gaya carita (Sumarjo 37:1988). Karakter atawa karakterisasi nyaéta sakur anu aya patalina jeung palaku carita atawa rupaning cara, téhnik, ngagelarkeun palaku dina carita (Iskandarwassid 61:1992). Wayang nyaéta hiji bentuk seni pintonan anu magrupa drama anu has, anu ngawengku seni sora, seni sastra, seni musik, seni caritaan, seni lukis, jrrd (Pasha 17:2011). Moral nyaéta hadé goréngna nu ditarima ku umum ngeunaan kalakuan, sikep, kawajiban jsb.; ahlak, budi pekerti, susila (KBBI, dina Nurgiyantoro 320:2010). SKKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda nyaéta program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa jeung sikep positip kana basa jeung sastra Sunda (Disdik 23:2007).

1.8 Sistematika Laporan

Dina ieu panalungtikan sangkan puguh éntép seureuhna kudu aya sistematikana di antarana:

- 1) BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan mangfaat panalungtikan, anggapan dasar, wangenan operasional, karangka téori jeung sistematika panalungtikan.
- 2) BAB II anu di jerona medar téori unsur carita, panokohan/karakteristik, jeung Pangajaran.
- 3) BAB III Méhode Panalungtikan, eusina ngeunaan méhode jeung téhnik panalungtikan, desain panalungtikan, instrumen panalungtikan, sumber data, léngkah panalungtikan, léngkah nyusun.

- 4) BAB IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan unsur dina carita, karakteristik tokoh Padawa, ajén moral anu nyangkaruk dina karakter tokoh Pandawa.
- 5) BAB V mangrupa bab pamungkas eusina ngeunaan kacindekan jeung saran hasil tina panalungtikan.
- 6) Daftar Pustaka
- 7) Lampiran

